

## Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Pwochen chapit matematik nou an ap aprann nou kijan pou rezoud ekwasyon. Se youn nan teknik matematik ki pi enpòtan epi ki itilize pi souvan, youn ki gen plizyè aplikasyon nan syans, syans sosyal epi nan lavi toulejou. Rezoud ekwasyon ka ede nou kalkile ki kantite galon gazolin wap bezwen pou kondwi yon distans 500 mil. Moun lasyans kap lanse yon satelit, ekonòmis kap fè prediksyon, ak sitwayen kap kalkile enpo, tout gen pou rezoud ekwasyon konplèks.

Nou etidye plizyè metòd pou rezoud ekwasyon nan lòt klas anvan yo. Nan chapit sa a, nap repase epi nap devlope metòd sa yo pou rezoud inegalite ak sistèm de (2) ekwasyon ak de (2) varyab. Nou pral aprann kijan pou nou itilize kalkilatè graf tou pou jwenn solisyon apwoksimatif pou ekwasyon ak pou pè ekwasyon.

Sitiyasyon ki gen inegalite ladan yo se bagay òdinè nan lavi toulejou. Pa egzanp, si w ale nan yon magazen ak 5,00\$ epi ou vle achte plim ki koute 1,95\$ chak ak tanpon pou lank ki koute 0,59\$ chak, inegalite a

$$1,95m + 0,59p \leq 5,00$$

di w ki konbinezon plim ak tanpon pou lank wap ka achte. Nan egzanp sa a, 1 plim ak 5 tanpon pou lank, oubyen 2 plim ak 2 tanpon pou lank, ap satisfè inegalite a.

Nou pral aprann kijan pou rezoud sistèm ekwasyon ak de (2) varyab tou. Nan pwoblèm sa yo, nou gen pou jwenn yon pè valè ki satisfè *toude* ekwasyon yo. Pa egzanp :

Nan yon match baskètbòl, Corrine make 10 fwa pou yon total 23 pwen. Kèk nan sèvis yo te sèvis 2 pwen, epi kèk te sèvis 3 pwen. Ki kantite nan chak kalite sèvis diferan Corrine make ?

Pou reponn kesyon sa a, nou etabli yon sistèm ekwasyon pi ba la a, kote  $x$  reprezante kantite sèvis baskèt 2-pwen epi  $y$  reprezante kantite sèvis 3-pwen.

$$x + y = 10 \quad \text{ak} \quad 2x + 3y = 23$$

**Vokabilè** Nan pwochen leson yo, nou pral aprann nouvo tèm vokabilè sa yo :

**eliminasyon  
inegalite**

**sibstitisyon  
sistèm ekwasyon**

### Kisa w ka fè lakay ?

Mande elèv ou an pou li montre w kèk nan ekwasyon lap rezoud yo, epi metòd li itilize pou rezoud yo. Ankouraje elèv ou an reflechi sou fason li ka itilize teknik sa yo lè li pa lekòl la.

